

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Novél bisa dianalisis ngagunakeun pamarekan psikologi sastra sabab euyeub ku unsur kajiwaanana anu ngajanggélék dina tokoh-tokohna. Dina enasna psikologi sastra miboga puseur implengan dina nganalisisna, nya éta unsur tokoh jeung penokohan anu suméndér kana tiori Sigmund Freud. Tiori Sigmund Freud anu dijadikeun tatapakan dina ieu panalungtikan nya éta psikoanalisis kapribadian anu nyoko kana konsép émosi jeung struktur kapribadianana.

Patepung di Bandung mangrupa novél anu dianalisis ngagunakeun pamarekan psikologi sastra. Méthode anu digunakeun nya éta méthode déskriptif tur téhnik studi pustaka. Hasil anu dicangking tina ieu panalungtikan anu nyoko kana analisis unsur-unsur novél (téma jeung fakta carita: plot, sétting, tur tokoh jeung penokohan), konsép émosi tur interprétasi psikoanalisis kapribadian tokoh-tokohna.

Hasil tina analisis unsur-unsur novél *Patepung di Bandung*, nya éta miboga téma perjuangan dina nandangan inggeungna kahirupan nu dibarung ku sumanget tur pangaharepan pikeun ngahirup jeung ngahuripkeun kulawarga kalawan papayung ajén hirup nu dipanteng rasa kanyaah ka kolot anu ahirna bisa patepung jeung kabagjaan. Ieu novél kabagi jadi sapuluh subjudul. Unggal subjudul mangrupa bagian anu nyambung tur mangrupa ide poko unggal bagianna dina ranggeuyan caritana. Tokoh utama dina ieu novél nya éta Kondi jeung sababaraha tokoh tambahan séjénna, saperti Odong, Mang Majid, Ceu Oyoh, Ceu Iti, Uwa Alkasan, Mang Majid, bapa téré Kondi, jeung Asép Dodoy. Unggal tokoh miboga karakter séwang-séwangan anu méré warna kana lajuning kahirupanana anu diébréhkeun ku pangarang kalawan ngagunakeun téhnik pelukisan tokoh atawa méthode perwatakan tokoh anu tangtu. Latar anu digunakeun dina ieu novél ngawengku latar waktu, latar tempat, jeung latar sosial;

Konsép émosi anu kapanggih tur témbong dina tokoh-tokoh anu aya dina novél *Patepung di Bandung*, utamana tokoh utama jeung sababaraha tokoh

tambahan, mangrupa ébréhan atawa réspon tina kaayaan tur kajadian atawa masalah anu lumangsung anu mangaruhan kana paripolahna. Éta émosi anu nyampak dina diri tokoh-tokohna téh ngawengku rasa duriat atawa kanyaah, rasa sedih, rasa ceuceub, rasa salah, tur rasa salah anu disidem.

Hasil interprétasi psikoanalisis kapribadian tokoh-tokohna, ngajanggélék dina struktur kapribadianana nu ngawengku konsép *id*, *ego*, jeung *superego*. Éta hal téh témbong dina diri tokoh-tokohna anu mangaruhan kana paripolah anu dilakonan. Unggal paripolah anu dilakonan téh mangrupa hasil tina pagedrugna éta tilu konsép struktur kapribadian, nu ahirna nu pangkuatna mangaruhan, bakal nuyun kana naon anu kudu dilakon.

Tina éta hal, luyu jeung pamadegan Sigmund Freud anu ngibaratkeun *id* salaku raja atawa ratu anu kudu dihormat tur dicumponan kahayangna, *ego* salaku perdana menteri anu miboga pancén nu patali jeung réalitas, tur *superego* salaku pendeta “tertinggi” anu gedé tinimbangan kana hadé atawa goréng paripolah anu dilakonan, dina ieu novél ébréh dina paripolah tokoh-tokohna. Jadi, tokoh-tokoh dina novél *Patepung di Bandung* ngagambarkeun éta struktur kapribadian anu katitén tina paripolah anu dilakonan.

Tina ébréhan hasil analisis kana karakter, konsép émosi, jeung struktur kapribadian tokoh-tokoh dina novél *Patepung di Bandung*, bisa katitén patalina tina éta tilu unsur. Karakter tokoh anu kagambar tina paripolahna dipangaruhan ku émosi nu mangrupa réspon kana kaayaan atawa kajadian ogé masalah anu lumangsung tur hasil tina pagedrugna antara *id*, *ego*, jeung *superego*. Éta hal téh mangrupa gambaran kapribadian anu lengkep tina diri tokoh-tokohna séwang-séwangan.

5.2 Saran

Saran atawa rekoméndasi tina ieu panalungtikan disusun pikeun pihak-pihak anu patali jeung hasil panalungtikan anu geus dicangking, saperti masarakat pamaca, pangarang, lembaga paélmuan sastra, jeung panalungtik séjénna.

5.2.1 Masarakat Pamaca

Pikeun masarakat pamaca dipiharep bisa terus ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan hal papahaman karya sastra kalawan loba maca karya kritik atawa kajian sastra saperti maca ieu hasil panalungtikan.

5.2.2 Pangarang

Pikeun pangarang dipiharep bisa terus ngaronjatkeun deui kamampuh dina hal ngolah tokoh jeung panokohan anu euyeub ku unsur-unsur kajiwaanana sangkan carita bisa leuwih hirup deui sabab dina enas-enasna mah tokoh téh jadi “motor penggerak” carita.

5.2.3 Lembaga Paélmuan Sastra

Pikeun lembaga anu patali jeung ieu panalungtikan nya éta lembaga anu bagerak dina widang paélmuan sastra dipiharep bisa ngahudang karep para panulis ogé “penikmat sastra” utamana kalangan akademisi tur kritikus, sangkan bisa terus ngaronjatkeun hasil karyana dina widang “pengkajian” sastra ogé kritik sastra.

5.2.4 Panalungtik

Pikeun panalungtik séjénna dipiharep ieu hasil panalungtikan bisa jadi hiji tatapakan pikeun panalungtikan anu leuwih jembar, boh dina hal ngajembaran wengkuan analisis dumasar tiori pamarekan anu tangtu hususna pamarekan psikologi sastra, boh karya sastra anu dianalisisna.